



Pou Piblikasyon Imedya: 02/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN YON NOUVO KANPAY GLOBAL 40 MILYON DOLA POU SIPÒTE RELANS ENDISTRI TOURIS ETA NEW YORK LA

Nouvo kanpay touris apre pandemi an pral prezante atraksyon atravè Eta New York yo, pou ankouraje vizitè yo "Vini Fè Pati li"

Premye faz la prezante Vil New York epi envite vizitè yo reviv vil ki pa janm dòmi an

Nou kapab wè anons piblisite sou touris Vil New York la [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a lansman yon nouvo kanpay global 40 milyon dola ki vize revitalize endistri touris eta a. Kanpay la pral ankouraje atraksyon touristik nan tout rejyon yo nan eta a nan sezon ete, otòn ak ivè yo pandan eta a kòmmanse tounen akeyi tout vizitè - lokal, nasyonal ak entènasyonal - nan Eta New York. Premye faz kanpay sa a konsantre sou Vil New York epi pral fèt nan pwentant dijital yo nan kèk mache entènasyonal ak nan emisyon televizyon nan mache nasyonal ak lokal yo. Pwochen anons piblisite yo nan dezyèm faz kanpay la pral prezante yon seri atraksyon rejyon divès ak inik eta a andeyò Vil New York.

"Endistri touris New York la te gen difikilte pandan plis pase yon ane, men pandan n ap kòmmanse vire paj la sou COVID, nou gen yon opòtinite inik pou konstwi yon bagay ki pa te janm egziste anvan epi dirije planèt la nan monn apre COVID la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou vle monn lan konnen New York tounen epi pi byen ke jamè, epi nouvo kanpay global sa a pral ede deklanche revitalizasyon endistri touris nou an nan raple vwayajè yo ke pa gen okenn lòt kote nan monn lan tankou Eta New York - epi nou vle yo vini wè li ak je yo".

Atravè administrasyon Gouvènè a, investisman istorik yo nan touris te jenere nivo rekò sou depans vizitè ak enpak ekonomik pandan sa t ap sipòte plizyè milye djòb, men endistri a te afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl pandan pandemi an.

Eta New York te rive re-ouvri plizyè pati nan ekonomi li an, sa ki pèmèt eta a elaji yon envitasyon pou vizitè yo yon lòt fwa ankò. Pandan vwayajè yo kòmmanse fè plan pou apre pandemi an, Eta New York vle vizitè potansyèl yo konsidere Empire State kòm yon destinasyon ki sekirite avèk yon bann opsyon disponib pou kreye yon vakans inoubliyab. Nouvo kanpay sa a pral mete aksan sou destinasyon inevitab yo pandan eta a ap re-ouvri, sa k ap ede ranfòse relans endistri touris eta a epi kontinye rekonstwi ekonomi an.

Premye anons piblisite kanpay sa a mete aksan sou destinasyon, atraksyon, panorama ak son ki sinonim Vil New York. Li montre Vil New York anblematik tankou Washington Square Park, Moynihan Train Hall, Times Square ak Estati Libete, pa rapò ak estanda klasik "Theme from *New York, New York*". Prefere vizite yo tankou pizza nan estil New York, Central Park Zoo ak Chinatown antremele avèk sèn ki tipik ak New York yo tankou metwo MTA, Transbòde Staten Island, Broadway, ak orizon vil New York ki limen lannuit. Anons piblisite a mete aksan sou wòl Vil New York kòm koneksyon rezo atistik vas ak aklame eta a, divètisman, espò, kilti, biznis ak òf gastwonomik.

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development lan, Eric Gertler te deklare, "Touris se yon poto mitan ekonomi nou an, ki sèvi kòm youn nan pi gwo anplwayè eta a, pandan l ap jwe yon wòl vital nan konekte moun yo alantou monn lan avèk plas inik ki senbolize espri endontab Empire State. Endistri touris nou an ak depandan li yo te soufri anpil pandan COVID la, epi li lè pou nou investi ankò ak akeyi vizite yon lòt fwa ankò. Nouvo kanpay sa a prezante enèji ak konfyans New York, ki teste ak ranfòse pandan ane pase a, epi pwoklame ak tout fyète ke nou retounen epi nou vle ou fè pati sa".

Direktè Egzekitif Touris Eta New York la, Ross D. Levi te deklare, "I LOVE NY eksite pou elaji yon envitasyon antouzyas pou vwayajè yo jwenn sa yo renmen nan Eta New York, epi nou pral anplifye akèy sa a atravè rezo platfòm pwomosyonèl rezo nou an. Ete sa a ka parèt yon ti jan diferan, men li pral san dout bay bèl opòtinite pou nenpòt moun k ap chèche kreye souvni inoubliyab epi amize yo nan New York avèk moun yo renmen".

Prezidan Konsèy Konsiltatif Touris Eta New York la (New York State Tourism Advisory Council), Cristyne Nicholas te deklare, "Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ak I LOVE NY dèske yo lanse kanpay sa a pou kòmanse pwopagasyon nouvel ke New York ap re-ouvri epi pare pou akeyi rezidan ak vizite yo nan Big Apple ak Empire State pandan n ap rekipere apre kou devastatè COVID la nan sektè touris la. Vil New York te sèvi depi lontan kòm yon pòtay pou Eta New York ansanm ak Etazini epi gouvènè a merite felisitasyon dèske li investi nan touris, yon motè ekonomik vital ki esansyèl pou pèmèt ekonomi eta a tounen pi djanm ke sa te janm ye anvan".

Pou jwenn plis enfòmasyon epi kòmanse planifye yon vakans nan Vil New York, [klike isit la](#). N ap jwenn enfòmasyon anplis sou atraksyon ak destinasyon yo nan Eta New York [isit la](#).

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)